



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



3 Desanm 2021

Nou Salye Tout Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan,

Mwen ekri w jodi a pou'm adrese dènye enfòmasyon ke'm te resevwa konsènan pandemi COVID-19 aktyèl la ak enpak kontinyèl li sou kominote lekòl nou an nan Orange Preparatory Academy. Kòm te gen yon twazyèm dyagnostik pozitif nan COVID-19 la pandan semèn sa a, jodi a, Vandredi 3 Desanm 2021 an, se yon jounen ansèyman konplè a distans pou elèv yo sèlman pandan ke n'ap kontinye fè trase kontak yo. Tout anplwaye OPA yo oblige vin travay sou plas epi bay ansèyman senkwonik an dirèk.

Etandone nati pandemi sa a, nou kontinye fè konfyans a Depatman Sante Orange ki pral gide kominote a atravè tout pwoesisi ki nesesè nan moman sa a. Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan pral kontinye travay kole kole avèk ofisyèl sante piblik yo, pou ede nan nenpòt fason ki posib, epi kenbe kominote lekòl nou an byen enfòme.

Tanpri konprann ke akòz lwa sou vi prive nan eta a ak federal la, nou p'ap kapab pataje enfòmasyon espesifik avèk ou. Depatman sante lokal la pral okipe'l pou nenpòt notifikasiyon. Dapre lwa eta a, nou espere ke depatman sante a pral fè yon ankèt sou maladi a pou idantifye kote moun lan ap viv ak kontak sere ki ka gen plis risk ak kote ke li sot vwayaje. Lè yo vin idantifye kontak sere yo, yo pral enfòme yo pou yo mete tèt yo an karantèn pou yon peryòd jiska 14 jou. Si yon moun devlope sentòm (lafyèv, tous, oswa difikilte pou respire) pandan 14 jou yo oswa si yo resevwa yon rapò laboratwa ki konfime pou COVID-19 la, yo dwe kontakte depatman sante lokal yo.

Akòz nati evolisyon enfòmasyon sa a, nou ankouraje rezidan yo pou yo kontakte Sant Apèl NJ COVID-19 24/7 nan 1-800-222-1222 oswa 1-800-962-1253 si w'ap rele nan yon telefòn selilè ki pa NJ pou enfòmasyon ki pi resan yo. Moun ki abite nan New Jersey yo ka rele NJ 211 tou si yo gen kesyon oswa enkyetid konsènan COVID-19 la lè yo rele 2-1-1. NJ 211 se enfòmasyon konplè ak sèvis referans nan tout eta New Jersey a ki opere pa United Way of New Jersey. Rezidan yo ka voye tèks bay NJCOVID tou nan 898-211 pou resevwa enfòmasyon tèks epi rete enfòme. Pou resevwa asistans tèks an dirèk, rezidan yo ka voye tèks kòd postal yo nan 898-211.

Nou nan sa nou ye a ansanm kòm yon kominote lekòl. Rezilyans kontinyèl ou pandan pandemi sa a te remakab epi sètènman apresye. Nan Orange, nou se yon sèl ekip epi nou sètènman kanpe djanm. Pou fini, tanpri rete an sekirite epi toujou sonje ke nou la pou ou. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri voye yon imèl nan reopeningofschools@orange.k12.nj.us.

Edikasyonèlman,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipètentandan Lekòl yo